



**Pa Prezidan  
Henry B. Eyring**  
Premye Konseye nan  
Premye Prezidans lan

# Chwa pou w rekonesan

**P**apa nou ki nan syèl la kòmande nou pou nou rekonesan nan tout bagay (gade 1 Tesalonisyen 5:18), epi Li mande pou nou bay remèsiman pou benediksyon nou resevwa yo (gade D&A 46:32). Nou konnen ke tout kòmandman yo la pou fè nou gen kè kontan, e nou konnen ke kraze kòmandman menmen nan mizè.

Konsa pou nou gen kè kontan ak pou evite mizè, nou dwe gen yon kè rekonesan. Nou konn wè nan lavi koneksyon ant rekonesans ak bonè. Nou tout ta renmen santi nou rekonesan, men li pa fasil pou n toujou rekonesan nan tout bagay nan eprèw lavi yo. Maladi, desepsyon, ak pèdi moun nou renmen rive pafwa nan lavi nou. Mizè nou yo kapab rann difisil pou nou wè benediksyon nou yo ak pou apresye benediksyon Bondye genyen an rezèv pou nou nan lefiti.

Se yon pwoblèm pou nou pou konte benediksyon nou yo paske nou gen yon tandans pou pran bon bagay yo pou nòmal. Lè nou gen yon kay pou nou rete, manje pou nou manje, oubyen chalè zanmi ak fanmi, nou reyalye konbyen nou ta dwe rekonesan dèske nou genyen yo.

Plis pase tout bagay, li pafwa difisil pou nou ase rekonesan pou pi gwo don nou resevwa a: nesans Jezikri, Ekspyasyon l la, pwomès rezirèksyon an, opòtinite pou jwi lavi etènèl avèk fanmi nou, Retablisman levanjil la avèk Prèttriz la ak kle l yo. Se sèlman avèk èd Sentespri a nou kapab kòmanse santi sa benediksyon sa yo vle di pou nou ak pou moun nou renmen yo. E se sèlman lè

sa a nou kapab espere pou n rekonesan nan tout bagay e evite bay Bondye ofans engratitd.

Nou dwe mande nan lapriyè pou Bondye, pa pouvwa Sentespri a, ede nou wè benediksyon nou yo klèman menm nan mitan eprèw nou yo. Li kapab ede nou pa pouvwa Lespri a pou rekonèt epi rekonesan pou benediksyon nou konsidere kòm nòmal yo. Sa ki plis ede m se mande Bondye nan lapriyè: “Èske ou ka tanpri dirije m wè yon moun mwen ka ede pou ou?” Se nan ede Bondye beni lòt moun mwen te wè pwòp benediksyon m yo pi klè.

Priyè mwen te reponn yon fwa pandan ke yon koup mwen pa t konnen anvan te envite m pou te ale nan yon lopital. Nan kote sa a mwen te jwenn yon tibebe si piti ke li te gwosè men mwen. Nan sèlman kèk grenn semèn li te viv yo, li te pase anba plizyè gwo egzanmen. Doktè yo te di paran yo ke yo t ap bezwen plis operasyon difisil pou kè a ak poumon yo te ka soutni lavi nan ti pitit Bondye sa a.

Sou demand paran yo, mwen te bay tibebe a yon benediksyon Prèttriz. Benediksyon an te gan ladan yon pwomès ke lavi li t ap epaye. Plis pase bay yon benediksyon, mwen te resevwa benediksyon yon kè rekonesan pou tèt pa mwen.

Avèk èd Papa nou, nou tout kapab chwazi pou n santi plis rekonesans. Nou ka mande li pou ede nou wè benediksyon nou yo pi klèman, kèlkeswa sikonstans nou. Pou mwen jou sa a, plis pase jamè anvan, mwen te apresye mirak pwòp kè ak poumon pa m ki t ap travay.

Mwen te bay remèsiman lè m t ap retounen lakay mwen pou pitit mwen yo te ka resevwa benediksyon pou yo te ka wè mirak bonte nan men Bondye ak nan men bon moun ki antoure yo.

Plis pase tout bagay, mwen te santi gratitud pou evidans Ekspyasyon an k ap travay nan lavi paran sousye sa yo ak nan lavi pa m. Mwen te wè espwa ak lanmou pi Kris la k ap briye sou figi yo, menm nan eprèv terib yo. Epi m te santi evidans nou kapab santi si nou mande Bondye pou revele nou ke Ekspyasyon an kapab pèmèt nou santi espwa ak lanmou.

Nou tout kapab fè chwa pou bay remèsiman nan lapriyè ak pou mande Bondye direksyon pou sèvi lòt moun pou Li — espesyalman pandan tan sa a nan ane a kote nou selebre nesans Sovè a. Bondye Papa a te bay Pitit Gason li a, e Jezikri te ba nou Ekspyasyon an, pi gwo nan tout kado ak tout don (gade D&A 14:7).

Bay remèsiman nan lapriyè kapab pèmèt nou wè grandè benediksyon sa yo ak tout lòt benediksyon nou yo epi konsa resevwa don yon kè pi rekonesan.

---

### ANSÈYMAN APATI MESAJ SA A

Ekri eksperyans ak benediksyon nou yo kapab ede nou sonje yo e banou yon bagay nou ka fè referans apre. Panse pou mande moun w ap anseye yo pou yo ekri pou ki bagay yo rekonesan — pou ede yo sonje

benediksyon yo resevwa, rekonèt benediksyon moman prezan yo, ak tann benediksyon k ap vini demen yo.

Ou gen dwa ankouraje moun w ap anseye yo tou pou yo suiv egzanp Prezidan Eyring nan nan mande Papa nou ki nan syèl la pou dirije yo vè yon moun yo kapab ede oswa sèvi.

## JÈN YO

### Akonpli yon tach rekonesan

Pa John Hilton III ak Anthony Sweat

**A**nnou pa jis pale sou konte benediksyon nou yo — annou fè sa! Ekri yon lis 100 bagay nou dwe rekonesan pou yo. Si sa parèt twòp, eseye sa a:

1. Ekri 10 kalite fizik ki fè ou rekonesan.
2. Ekri 10 bagay materyèl ki fè ou rekonesan.
3. Ekri 10 moun ki vivan ki fè ou rekonesan.
4. Ekri 10 moun ki mouri ki fè ou rekonesan.
5. Ekri 10 bagay sou lanati ki fè ou rekonesan.
6. Ekri 10 bagay sou jodia ki fè ou rekonesan.
7. Ekri 10 kote sou tè a ki fè ou rekonesan.
8. Ekri 10 envansyon modèn ki fè ou rekonesan.
9. Ekri 10 manje ki fè ou rekonesan.
10. Ekri 10 bagay sou levanjil la ki fè ou rekonesan.

**L**è nou fè yon lis tankou sa a, nou dekouvri ke yon lis 100 bagay se sèlman yon kòmansman nan tout sa Bondye ba nou.



Lafwa, Fanmi, Sekou

## Yon gwo domèn aksyon

*Etidye materyèl sa a epi, si sa apwopriye, diskite li avèk sè w ap vizite yo. Itilize kesyon pou ede ou fòtifye sè w ap vizite yo epi fè Sosyete Sekou vin yon pati aktif nan pwòp lavi pa ou.*

**S**enyè a, Legliz li a, fanmi yo, ak kominote yo bezwen enfliyans fi fidèl yo. Anfèt, Èldè M. Russell Ballard nan Kolèj Douz Apot yo te anseye ke “chak sè nan Legliz sa a ki fè alyans avèk Senyè a gen yon manda diven pou ede sove nanm, pou dirije fi yo nan mond lan, pou fòtifye fwaye Siyon yo, ak pou bati wayòm Bondye a.”<sup>1</sup>

Gen kèk sè ki ka mande tèt yo si yo ka akonpli kalite objektif sa yo. Men jan Eliza R. Snow (1804–87), dezyèm konseyè nan prezidans jeneral Sosyete Sekou a te eksplike: “Pa gen okenn sè ki si izole, ni si limite nan chan aksyon li, pou l pa kapab fè anpil pou kontribye nan etablisman Wayòm Bondye a sou tè a.”<sup>2</sup> Sè Snow te anseye tou ke Sosyete Sekou te òganize “pou akonplisman tout bon travay nòb.”<sup>3</sup>

Patisipe nan Sosyete Sekou elaji domèn enfliyans nou nan bay chak sè opòtinite pou bati lafwa, pou fòtifye fanmi ak fwaye, ak pou rann sèvis lakay ak atravè tout mond lan. E rezman, efò nou endividyèlman ak antanke Sosyete Sekou pa bezwen gwo ni depasan, men yo

dwe volontè ak konsistan. Pratik fidèl tankou priyè pèsònèl ak priyè famiyal chak jou, etid ekriti chak jou, ak konstaman mayifye apèl nou nan Legliz la ap ede nou ogmante lafwa ak bati wayòm Senyè a.

Pou sè ki ap mande tèt yo so kontribisyon ki parèt piti sa yo fè yon diferans, Èldè Ballard afime: “Chak sè k ap defann laverite ak lajistis diminye enfliyans mal. Chak sè ki fòtifye ak pwoteje fanmi yo ap fè travay Bondye. Chak sè ki viv tankou fi Bondye vin tounen egzanp pou lòt moun suiv e plante semans enfliyans jis ki ap vin pote fwi pandan dè dizèn ane apre yo.”<sup>4</sup>

### **Apati istwa nou**

Eliza R. Snow, ki te sèvi kòm sekretè lè Sosyete Sekou a te òganize nan Novou, te aple pa Prezidan Brigham Young (1801–77) pou vwayaje nan tout Legliz la, pou ede evèk yo òganize Sosyete Sekou nan pawas yo.

Sè Snow te anseye: “Si nenpòt nan pitit fi ak manman nan Izrayèl yo ta jamè santi ke yo yon ti jan limite nan domèn yo nan moman

an, yo pral kounyeya jwenn gwo kapasite pou gen tout pouvwa ak kapatite pou fè byen ke yo posede an gran abondans lan. . . . Prezidan Young remèt nou kle pou yon gwo domèn aksyon ak itilite.”<sup>5</sup>

### **NÒT**

1. M. Russell Ballard, “Women of Righteousness,” *Liahona*, Des. 2002, 39.
2. Eliza R. Snow, “An Address,” *Woman’s Exponent*, Sept. 15, 1873, 62.
3. Eliza R. Snow, “Female Relief Society,” *Deseret News*, Avr. 22, 1868, 81.
4. M. Russell Ballard, *Liahona*, Dec. 2002, 39.
5. Eliza R. Snow, *Deseret News*, Avr. 22, 1868, 81.

### **Apati ekriti yo**

- 1 Korentyen 12:4–18;  
1 Timote 6:18–19; Mozya 4:27;  
Atik Lafwa 1:13

### **Kisa m ka fè?**

1. Kijan m ka ede sè m ap vizite yo rekonèt ak aji sou kapatite yo pou gen yon enfliyans fidèl?
2. Kijan m ka itilize don ak talan san parèy mwen yo pou beni lòt moun?

Pou plis infòmasyon, ale nan [www.reliefsociety.lds.org](http://www.reliefsociety.lds.org).